ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№242 (23.400) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 15, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Урысейм Фристайлымкіэ и федерацэм и президентым

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. лэжьыгъэ Іуэхукіэ дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Урысейм Фристайлымкіэ и федерацэм и президент Курашов А. Н.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэжьыным, Фристайлымкіэ федерацэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэмрэ спорт организацэхэмрэ зэрадэлажьэм зегъэубгъуным, Іуащьхэмахуэ лъапэ спортсменхэм зыщагъасэ зэхуэсхэр къыщызгъэпэщыным икІи абы сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэха къыщыщэзІыхьыным, нэгъэущІэхэм.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и жэрдэмкІэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ 2017 гъэм илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр гъэхьэзырын икІи егъэкІуэкІын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и жэрдэмкІэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ 2017 гъэм илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет къызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и жэрдэмкІэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ 2017 гъэм илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ планыр зэхилъхьэу къыщІэну.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м*
*№148-УГ*

● Хъыбарегъащ Іэ

## ДАХ-м фрегъэблагъэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрегъэпэщ «Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэн папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэр» щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар щекІуэкІынущ Налшык къалэ дзт «Трек» хьэщІэщ-шхапІэм и конференц пэшым, сыхьэт 11-м щІидзэу.

ЗэІущІэм хэтынущ ди республикэм и къулыкъущІапІэхэм, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Ставрополь крайм, Иорданием, Сирием я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, ДАХ-м и Гъэзэщ Іакіуэ гупым хэтхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я Іэщ Іагъэлѣхэр, щІэныгъэлІэхэр, студентхэр. Ахэр тепсэлъыхьынущ къэрал къулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я зэдзэлэжьэныгъэмрэ лъэпкъ зэхущытыкІэр ефІэкІуэн папщІэ щІапІэхэхэмрэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# Террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэр нэхъри щІагъэхуабжьэ

**Ди газетым зэрытетащи, Урысейм и ФСБ-м и унафэщІ Бортников Александр къыщыпсэлъащ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетымрэ Федеральнэ оперативнэ штабымрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы къыхигъэщхьэхуКІащ террорист гупхэм иужьрей зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм зэрырагъэкъэбзыкІар. Федеральнэ къулыкъущІапІэм и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ щІэпхъаджащІэхэм япэщІэтынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр.**

### Кавказым щыІэ бандэ гупхэм я Іуэхукіэ

«Терроризмэм и шынагъуэр, япэхэми хуэдэу, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэм нэхъ щыгъкІийщ. Апхуэдэу щыт пэтми, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм я пльэпІэхэм ящыщщ Урысейм и адрей щІыналъэхэми щІэпхъаджагъэхэр щыгъжьыныр», - къигъэлъэгъуащ Бортников Александр.

Абы зэрыжиІамкІэ, террористхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэм ящыщу Кавказ Ищхьэрэм химыбыдэ щІыналъэхэм къыщыщІагъэщхэм я бжыгъэм хэхьуащ. Апхуэдэу дунейпсо терроризмэм и къарур ирехьэлІэ нэгъуэщІ къэралхэм къиІэпхъукІыу Урысейм къэІэпхъуахэм ящыщу ГъащІэм тэмэму хэмызэгъахэр езым и лъэныкъуэ къищІыным.

ФСБ-м и унафэщым и псалъэм къыхигъэщащ дыззэрыт илъэсым Урысейм боевикыу 129-рэ зэрыщаукІар, абыхэм ящыщу 22-р бандэ гупхэм я унафэщІу зэрыщытар.

«ЩІэпхъаджащІэхэм, абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэм ящыщу 898-рэ яубыдащ. «Кавказым и вилаят» жыхуаІэм и Іэтащхьэр, «Ислъам къералыгъуэкІэ» зэджэ дунейпсо террорист организацэм и телъхьэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэхэм я пашэу зызыгъэІуар, яукІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щагъэкІуэдащ террорист гупхэм я унафэщІ псори», - жиІащ абы.

ФСБ-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ бандэ гупхэм мылькурэ Іэщэфащэрэ я лъэныкъуэкІэ хэщІыныгъэшхуэ зэрыратар: абыхэм Іэщэ куэд къызэрытрахам къыдэкІуэу, къызэпаудащ а Іэщэр гъэпщкІуауэ Урысейм къызэрашэ Іэмалхэри. Фочі, кІэрахьуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, лагъым Іэрыщ Іэр щагъэхьэзыр щэхурылажьэ Іуэхущ Іапіэу, лабораторэу 48-рэ зэтракъутащ. Нэгъабэ елъытауэ ар хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ нэхъыбэщ.

### Экстремистхэм я сайтхэмрэ абыхэм ахъшэр зэрызэрагъакІуэ счётхэмрэ

ФСБ-м и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, сэтей къащІа интернет-ресурсу экстремист унэтІыныгъэ зиІэу къалъытахэр 2015 гъэм елъытауэ хуэдитым щигъэкІэ нэхъыбэщ икІи абыхэм я бжыгъэр мы гъэм мин 26-м нэблагъащ.

А псоми кьадэкІуэу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ террорист гупхэм интернетыр къызэрагъэсэбэпыр къызэпыудыным хуэгъэзауэ. «МВД-мрэ ФСБ-мрэ я лэжьакІуэхэм дызэрыт илъэсым и ныщхьэуІу маздэм Урысейм и щІыналъэм хиубыдэу щагъэкІуэдащ дунейпсо интернет зэгухьэныгъэу дин егъэлеиныгъэхэр пхызыгъэкІ, щІыху мини 100-м щигъу къыдэзыхьэхахэр. Апхуэдэу ахэр елэжьырт дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм папщІэ ахъшэ зэхуэхьэсыным», - жиІащ ФСБ-м и унафэщІым.

Апхуэдэу хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм терроризмэм пыщІауэ шэч зыхуащІ щІыху мини 2-м щІигъум я счётхэр къыззтрагъэувыІащ. Бортников Александр къыхигъэщащ шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм куэд зэрызэфІагъэкІар дунейпсо террорист гупхэм яхьыхьэ папщІэ Урысейм икІыну хущІэкъуэхэр къызэтегъэувыІэным хуэгъэзауэ. «Апхуэдэ щІыху 86-рэ Урысейм ирамыгъэкІыу кьагъэувыІащ», - жиІащ къэпсалъэм.

### ЦІыхухэр зыгъэжакъуэхэр

ФСБ-м и унафэщІым къыхигъэщхьэхукІащ къэралым и щІыналъэм щыІэ террорист зэгухьэныгъэхэм щІыхэр хэщэным елэжьхэм ящыщу 34-рэ зэраубыдар.

Бортников Александр

«Абыхэм щІыхэр къыдахьэх, пком япэу интернетыр кьагъэсэбэпурэ. Ерыщу ирагъэкІуэкІ апхуэдэ лэжьыгъэр зыхуэгъэзар зэхэщІыкІ куу зыбгъэдэмылъ щІыхэр къыдэхьэхынырщ, - къигъэлъэгъуащ Бортников Александр. - Апхуэдэу абыхэм къарууэ яІэр ирахьэлІэ гъунэгъу къэралхэм къиІэпхъукІыу ди деж къэкІуа, ауэ гъащІэм тэмэму хэмызэгъэ гупхэм я гугъуехьэр къэгъэсэбэпыным икІи абыхэм я акъылыр щІэпхъаджагъэхэм теухуэным».

### Терроризмэм и шынагъуэу къыкъуэкІынкІэ хъунухэр

НэгъуэщІ къэралхэм къиІэпхъукІахэр къыдахьэхыным террорист гупхэм къаруушхуэ зэрырахьэлІэм къыхэкІыу, жиІащ къэпсалъэм, ФСБ-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Іэпхъуэшапхъуэ гупхэм я щытыкІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъыныр, ахэр дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм хэтхэм я гъэпцІагъэм щыхъумэныр, бандэ гупхэм я мылъку, финанс зэфІэкІхэр къызэпыудыныр. Абы и лъэныкъуэкІэ нэхъ лэжьыгъэшхуэ щегъэкІуэкІыпхъэщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым, апхуэдэу Іэпхъуэшапхъуэхэр щынэхъыбэ щыпІэхэм.

Бортников Александр зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ щІыху куэд щызэхуэс щыпІэхэр, транспортыр, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и Іуэхущ Іапіэхэр террористхэм ящыхьуэмэсым адэкІи егупчэн зэрыхуейр. Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхуКІащ щІыналъэхэм щыІэ оперативнэ штабхэр терроризмэм и шынагъуэхэм япэщІэтыным сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

● Къулыкъуэр

# ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Гугъуэтыж Ахьмэд

**КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэщІэм (етхуанэм) и унафэщІымрэ абы и къуэдзэхэмрэ хахащ.**

2017 гъэм ЩІалэгъуалэ палатэм и пашэу щытынур Гугъуэтыж Ахьмэдщ, абы и къуэдзэхэу хахащ Къэгъэзэж Ислъам, Самофаловэ Светланэ, Чеченов Ислъам сымэ.

Гугъуэтыжыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студентхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІщ, «Налшык къалэм и щІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу ЩІалэгъуалэ палатэм хэхьащ. Самофаловэр - КъБКЪУ-м и студентхэм я советым, Чеченовыр - «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» политикэ партым КъБР-м щІэ и къудамэм хэтэщ.

ЩІалэгъуалэ палатэм и секретарщ Андреевэ Илонэ. Ащхьуэт Алинэ УФ-м и Къэрал Думэм деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм ди лІыкІуэу ягъэкІуащ.

ЗэІущІэм щаубзыхуащ ЩІалэгъуалэ палатэм иІэну комиссэхэр. КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэмкіэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэрэ КъБР-м и Парламентым и депутат Назрэн Бесльэнрэ жэрдэм зыхэлъ щІалэгъуалэм екъуэхъуащ икІи я зэфІэкІыр къахуэгъэпэгъуэу лажьэмэ зэрагъапэр жаІащ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

● ХъыбарегъащІэ

# ДАХ-м фрегъэблагъэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрегъэпэщ «Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэн папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэр» щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар щекІуэкІынущ Налшык къалэ дзт «Трек» хьэщІэщ-шхапІэм и конференц пэшым, сыхьэт 11-м щІидзэу.

ЗэІущІэм хэтынущ ди республикэм и къулыкъущІапІэхэм, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Ставрополь крайм, Иорданием, Сирием я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, ДАХ-м и Гъэзэщ Іакіуэ гупым хэтхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я Іэщ Іагъэлѣхэр, щІэныгъэлІэхэр, студентхэр. Ахэр тепсэлъыхьынущ къэрал къулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я зэдзэлэжьэныгъэмрэ лъэпкъ зэхущытыкІэр ефІэкІуэн папщІэ щІапІэхэхэмрэ.

● КъБКЪУ

# ТекІуахэм - щІыхь

**КъБКЪУ-м ТхыдэмкІэ, филологиемрэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и институтым (ИИФиСМИ) и залышхуэм иджыблагъэ щекІуэкІащ инджылызыбзэмкІэ олимпиадэ зэІуха. Абы хэтащ университетым и къудамэ зэмылІэужьыгъуэхэм щеджэ студент 90.**

ОЛИМПИАДЭР къызэригъэпэщащ институтым хамэ къэралыбзэхэмкІэ и кафедрэм. ІыхьитІу зэщхьэщихауэ екІуэкІа зэпеуэм къызэщІиубыдащ лексикэмрэ грамматикэмрэ епха тхыгъэ лэжьыгъэрэ «21-нэ лІэщІыгъуэм щыІэну гъащІэр» темэм теухуа презентацэрэ. А Іуэхугъуэкэм студентхэр зэрапэльащар я тегъэщІапІэу къыхахащ олимпиадэм щытекІуахэри. Япэ увыпІэр къихьащ университетым Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ и институтым и ещанэ курсым и студент Урыс Тамерлан, етІуанэ хъущ Информатикэмкіэ, электроникэмрэ компьютер технологиехэмкІэ институтым и ещанэ курсым щеджэ Биттиров ТІэхьир. Ещанэ увыпІэр хуагъэфэщащ Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ институтым и ещанэ курсым щІэс Темиржанов Зулейхэ.

Зэпеуэм щытекІуахэми абы къыхэжаныкІахэми щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр иратащ. ЗэІущІэр уэрэдхэмрэ къафэкІэ ягъэдэхащ «Каллисто» творческэ гупым хэтхэм.

**БРАЙ Марие,**
*КъБКЪУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.*

● Ди къуэш республикэхэм

### Абхъазым нэхъ дехьэх

АБХЪАЗ. ***Урысейм икІыу хамэ къэралхэм зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэр нэхъ мащІэ хъуащ. Иджы ахэр нэхъ дэзыхьэхыр Абхъазымрэ ди къэралым и щІыпІэ нэхъ дахэхэмрэщ.***

РОССТАТЫМ къызэритымкІэ, зыплъыхьакІуэ-зыгъэпсэхуакІуэр щынэхъыбэщ Абхъазым икІи япэ увыпІэр иІыгъщ. 2016 гъэм Абхъазым щыІащ Урысейм и цІыху мелуани 3,5-рэ, нэгъабэ елъытауэ мин 400-кІэ нэхъыбэ.

### Илъэсыщ Іэ тыгъэ

АДЫГЕЙ. ***Сабий зеиншэу 108-м Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу фэтэрыщ Іэхэр иратынущ. Фэтэр куэду зэхэт унэхэм ящыщу 2-р Мейкъуапэ, ещанэр республикэм и Мейкъуапэ районым щыхуэ.***

2016 ГЪЭМ псэупІэхэмкІэ къызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ ягъуэтащ сабий зеиншэ 376-м. Абыхэм ящыщу 108-м зыщыщпсэун иратынущ мы гъэм. Къат куэду зэхэт унищым текІуэдэну сом мелуан 98-м щыщу мелуан 80-р республикэ бюджетым, мелуан 18-р федеральнэ мылъкум къыхэкІащ. Дызыхьхьэ 2017 гъэм я Іуэхум трагъэкІуэдэнущ сом мелуани 100.

### Лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2016 гъэм республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэ щагъуэтащ ныкъуэдыкъуэу цІыхуи 131-м.***

2016 ГЪЭМ и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм лэжьыгъэ къалъыхъуэу зезыгъэтхахэр 655-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 131-м Іэнатіэ яІэ хъущ. Пэжщ, илъэс кІуам елъытауэ ар процент 22-кІэ нэхъ мащІэщ. Ар къыхэкІащ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ цІыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыным тещІыхьэ программэр мы гъэм зэрыщымыІэжым, зрипльэж пІалъэм Іэнатіэ хуейуэ зезыгъэтхар процент 22,4-кІэ зэрынэхъыбэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Шэджэм щыналъэ

# Километр 4700-м щІигъум щаукъуэдий

**Щхьэлыкъуэ къуажэм и «Северн» хьэблэщІэм газыр шэныр и кІэм нагъэблагъэ.**

«2014-2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщІондэ къуажэ щыпІэхэм зэрызэужьынур» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ. А Іуэхум сом мелуан пщыкІуэ хухахащ.

Газ гуэшыпІэхэр хагъэуэвэурэ, бжьамийхэр далъхьэ, илъэсым и кІэ пщІондэ километр 4740-м а лэжьыгъэр щызэфІагъэкІыну я мурадщ.

Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Текіуэм Артур ухуэныгъэр зэрекІуэкІыр комиссэ щІыгъуу къыпщытащ.

Къуажэм и генпланымкІэ «Северн» хьэблэщІэр лъапсэ щищым тещІыхьащ, бжьамийхэр яукъуэдиймэ, абы щыпсэухэм щІыуэпс газыр зэблэмыууэ яІэрыхьэнущ.

**КІАРЭ Элинэ,**
*Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.*

Гу зылъытапхъэ

## «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди ныбжьэгъуфІхэ!

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ щІэдзын Іуэхур и кІэм ноблагъэ. Ди щІэджыкІакІуэхэм иджыри Іэмал фиІэщ дыгъэгъазэм и 29 пщІондэ ди газетым Іэ щІэвдзыну. А Іуэхутхьэбзэр къыщыфхуащІэнущ республикэм и дэтхэнэ пощт Іуэхущ Іапіэми.

Республикэм ди анэдэлъхубзэмкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм Іэ тевдзэн Іэмалыр зыІэщІэвмыгъэкІ.

«Адыгэ псалъэ» газетым мазихым сом 839-рэ кІэнІейкІэ 88-рэ и уасэщ.

**Ди индексыр 51531**

## Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 15, *махуэку*

**♦Шейм и дунейпсо махуэщ**

**♦Зи къалэн зыгъэзащІэу зэкІуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ**

**♦УФ-м и Зауэ-Хьэуа Къарурэм я радиотехникэ дзэхэр къыщыІэзэрагъэпэща махуэщ**

**♦1699 гъэм** Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хуэкІуащ. 1700 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэсыщІэр къыщрагъэжьэр щыІыпІэм (январым) и 1-рщ, зэрыщыта фокІадэм (сентябрым) и 1-м и пІэкІэ.

**♦1749 гъэм** Тэн Іус Ростов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

**♦1905 гъэм** Санкт-Петербург «Пушкиным и унэр» - РАН-м урыс литературэмкІэ и институтым и Литературнэ музейр - къыщыщэзІуэхащ.

**♦1917 гъэм** Дзэ Плъыжьым и япэ нагъыщэр - Вагъуэ плъыжьыр - къащтащ.

**♦1921 гъэм** РСФСР-м и ВЦИК-м и деж Къэбэрдей автоном областым и лІыкІуэ щыІэныр хабзэу ягъэуІащ.

**♦1972 гъэм** ООН-м дыкъзэыухъуреихь дунейр хъумэныммкІэ и зэгухьэныгъэр (ЮНЕП) къызэрагъэпэщащ.

♦Франджы инженер, гъущІым къыхэщІыкІа ухуэныгъэхэр проект щІынымкІэ Іэщ Іагъэлѣ **Эйфель Александр** къызэралъхурэ илъэси 184-рэ ирокъу. Аращ къэзыгупсысар дуней псом щыщІэрыІуэ, иджы абы и щІэр зэрихьэу Париж дэт Эйфель чэщанэр.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБАССР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Балъкъэр Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырэз** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мамбэт Хьэлым** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Дзу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Ло Инал** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Политик, къэрал лэжьакІуэ, «Урысей зэхуэт» Урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и Унафэщ І **Грызлов Борис** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэзан Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Майе** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 9 - 8 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 16, *мэрем*

**♦Къэзахъстан Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - я къэралыгъуэм и махуэр ягъэлъапІэ.** 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Къэзахъстаным и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ ар СССР-м къыхэкІыу къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуауэ.

**♦1931 гъэм** Москва «Ромэн» щыджан театрыр къыщыщэзІуахащ.

♦Мысырым нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министру, премьер-министру щыта **Мыхьмуд (Хьэхъу) Фози** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, щІэныгъэлІ, УФ-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шортэн Аскэрбий** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градус 12 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуащ Іэ:

**Пхъэ щакъутэм къуэщІий щолъей.**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м къыдигъэкІа Указ №148-УГ-мкІэ къыщыдат*

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и жэрдэмкІэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхухэр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭ КОМИТЕТЫМ ХЭТХЭР

**КІуэкІуэ Ю. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

**Егоровэ Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Мусуков А. ТІ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Алэкъуей А. М.** - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ*(зэгурыІуэрэ)*

**Альтуд Ю. Къ.** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэралыбуджет Іуэхущ*Іапі*эм и ректор*ыр (зэгурыІуэрэ)*

**Амщокъуэ Ф. Къ.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщ*Іыр (зэгурыІуэрэ)*

**Ахъуэхъу Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и къуэдзэр*

**Беппаев С. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж граждан, жылагъуэ Іуэхущ*Іапі*эхэм зегъэужьынымрэ щІыхьэм и хуитыныгъэхэмкІэ щІэныгъэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр *(зэгурыІуэрэ)*

**Берд Хь. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Бэлэтокъуэ В. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и къуэдзэр*

**Говоров С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и ящэ къуэдзэр* - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш зэхэщІэныгъэмкІэ и министр*ыр*

**Дадэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ *(зэгурыІуэрэ)*

**Дзэмыхь Къ. ФІ.** - «Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институт» федеральнэ къэралыбуджет щІэныгъэ Іуэхущ*Іапі*эм и унафэщ*Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэр (зэгурыІуэрэ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и къуэдзэр* - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэжьнегъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министр*ыр*

**Зумакулов Б. М.** - Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Къэзанш Л. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цыхубэ коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ*Іыр*

**Канунников А. Д.** - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Канунников В. А.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьеГэщІыла и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Куэшей А. Д.** - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр*ыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и секретарщ)*

**Лыхь З. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэхэмкІэ и министр*ыр*

**Муртазов Б. С.** - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Ромашкин И. К.** - къэрал кІуэцІ ІуэхущхьэмкІэ министру Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Сэхъурокъуэ Хь. Хь.** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Тараев И. В.** - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**ТекІуэшэ А. А.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Тутыкъу А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр*ыр*

**Уянаев К. Хь.-М.** - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

**Ячный И. В.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэрэ)*

● Абы дегъэпІейтей

# Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ ди хэхъуапІэщ

***Агропромышленнэ комплексым и щытыкІэм теуха упщІэ зыбжанэкІэ «Комсомольская правда» газетым зыхуигъэзащ ди къэралым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр.***

**- Урысейм хамэ къэралхэм Іэщщэу ярищэм нэхърэ ерыскъыхэкІыу яхуригъашэр нэхъыбэ щІэхъуар сыт къызыхэкІар?**

- Илъэсипщі илэкІэ агропромышленнэ комплексым зегъэужьын щІэддзащ. А зэманым ирихьэлІащ къуажэхэм заужьыныр. Абы и фыгъэкІэ гъавзу кърахьэлІэм Іыхьэ щанэкІэ хэхъуащ. Хамэ къэралхэм яхуедгъашэ мэкъумэшхэкІыр хуэдэ 15-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Иджыпсту дэ кІуэду нэгъуэщІ къэралхэм яхуодутІыпщ гъавэр, бдзэжьейр, джэдыныр, дагъэр. ДяпэкІэ ди къалэн нэхъыщхьэщ ерыскъы хьэзырхэр ирегъэшыну, ахэр нэхъ лъапІэу тхуэщэнущ. Ильэситху и пэкІэ куэдым хуагъэфэщэфыну щытакъым Іэщэ щэным къыщІэтхым нэхърэ Іыхьэ щанэкІэ нэхъыбэ ерыскъыхэкІым къыпитхыну икІи ар газым къыпэкІуэ хэхъуэм и зэхуэдитІым нэбгырэгъэну. Фигу къэзгъэкІыжынщи, илъэсипщІ илэкІэ ерыскъыхэкІ экспортыр доллар меларди 3 и уасэщ зэрыхъуэу щытар, иджы ар доллар мелард 20-м щІигъуащ. НэгъуэщІу жьІпІэмэ, а зэманым къриубыдэу хуэдизкІэ хэхъуащ.

**- Хамэ къэралхэм гъавзу яІэрыдгъэхьэм нэхърэ нэхъыбэ ерыскъы хьэзыру етщэфыну Іэмал щыІэ?**

- Гъавэр дыщэм хуагъадэ, мыхьэнэщхуэ зиІэ ди гъэтІыныгъэщ, щыдгъэсм зыкІи къыкІэрымыхуу. Мы махуэхэм щыдгъэмрэ газымрэ я уасэр ехуэжми, ерыскъыхэкІыр кІуэ пэтми нэхъ лъапІэ хъунущ. Гъавэр къыщалэжьыр Урысейм и Ипщэ щыналъэхэрами, Уралми, Сыбырми, КъуэкІыпІэ Жыжьэми увыпІэшхуэ щызиІэу щытынущ.

**- Путиным Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щыжиІащ ябгынэжауэ е зэи хъамыгъэсэбэпыхьхуэ Урысейм щІы гектар мелуанэр зэрырщІэр. Ар сыт хуэдэ щІыналъэхэра? Сыт хуэдэ щІыкІэкІэ ахэр къэралым къигъэсэбэпу зэрыхуежьэнур?**

- Мэкъумэш щыпщІэ хъуну щІыхэм ятеухуауэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм законопроект игъэхьэзырац. ЩІыр мардэм къызэригъэуэвым тету илъэсищкІэ къэзымыгъэсэбэпым судым и унафэкІэ къытрахыжынущ. Иджыпсту а зэманым илъэситху мэхъу. АдэкІэ къэралым а щІы хьэзыгъэсэбэпыфынм ирещэж. ДызыхуэкІуэ илъэсхэм дэ къэтІэтын хуейщ щІы гектар мелуани 10 хуэдизу. Абы и ныкъэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм и щІыналъэхэм щыІэщ. Гектар мелуани 10-р къэтІэтынкІэ абыхэм ГъавэщІыдгъэкІыу дыхуэжьэмэ, Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ я щІыналъэхэм яшхынум и мызакъуэу, къэралым ирегъэшэ ерыскъыхэкІым куэдкІэ хэдгъэхъуэрынущ. Азие-Хы Хуэм щІыналъэм хиубыдэ къэралхэм ЩІы Хъурейм тет цІыхухэм я процент 40-р щопсэу. Ар ди гъавэхэкІэр щидгъэкІыфынущ щыпІэ ин дыдэщ.

Пэжщ, апхуэдизу щІыщІэр хъэпІэтын папщІэ техникэ, мыльку, къару куэд хуеиныщ. Техникэр щІым телъжьыхьхэм уасэ ныкъуэкІэ ещэным теухуа Іуэхугъуэхэм хэпІэн хуейщ. ЩІыхуэр а щІыналъэхэм щыпсэун, щыплъжьн хъун папщІэ, экономикэ и лъэныкъуэкІэ тегъэгушхуапхъэщ. А щІы кІапэхэр Мэкъуу кьедзылІакъым е Ипщэ щІыналъэхэм щыщкъым, атІэ Сыбырщ, КъуэкІыпІэ Жыжьэщ.

Апхуэдэуи нэхъ дгъэтхиину ди мурадщ хамэ къэралхэм щыщ цІыхуэхэм я1эщІэлъ е бэджэнду яІыгъ щы ГектарІ мелуан 12-м ехьэлІа мардэхэри. Кьэдгъэлъэгъуэн хуейщ абыхэм ящыщ куэдым я1эщІэлъ щыІэхэр хабзэм кьемызэгъыу кьызэрагъэсэбэпыр, щыІэгуп кьабзэр яуцІэпІ, ирахьэлІэ пестицидэхэмэ агрохимикатхэмрэ щІым и жьауэр щІах.

Хамэ къэралым щыщ цІыхуэм цыхьешхуэр бэджэнду къыщтэфын щхьэкІэ игъэзэщІэн хуей Іуэхугъуэ зыбжанэ дубзыхуащ. Псалъэм папщІэ, бэджэнду щІыр яІыгъыну зэрыхуит пІалъэр дгъэмэщІэнущ: нэхъ мащІэ дыдэу илъэсищ, нэхъыбэру илъэс 15. ЩІым телъжьыхь цІыхуэхэм я процент 75-р Урысейм и цІыхуу щытын хуейщ. Бэджэнду къащтэфыну щІыр муниципальнэ щІыналъэм и процентги 10 нэхърэ нэхъыбэ хъуфынукъым.

Ди къэралым щылэжьэн хуейр щІым хуэсакъыу зезыхьэ цІыхухэрщ.

**ВОЛКОВ Александр.**
*«Комсомольская правда»*

● Егъэджэныгъэ

# Лэжьыгъэм и мардэхэр



**Егъэджакіуэхэм я лэжьыгъэр зэтеубла зэрыхъунум щІэх-щІэхыурэ егъэпІейтей Іэщ1агъэлІ щІалэщІэхэри илъэс зыбжанэ ипэкІэ я щІэныгъэм щыхагъэхъуэн папщІэ еджапІэ библиотекэхэр хъэзыгъэсэбэпу щытауэ иджы интернетым и Іуэхутхьебзэхэр къызэІуэзыха егъэджакіуэ Іэзэхэри.**

## Мардэу сыт къэлъытэн хуейр?

«Иджырей егъэджакіуэм и лэжьыгъэм и мардэр бгъэувыныр Іуэхугъуэ тышкъым, - жеІэ Мэзкуу къалэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ Васильевэ Татьянэ. - Сытым къыхэкІыу? Сыт егъэджакіуэм и лэжьыгъэу къэлъытэн хуейр икІи дауэ абы мардэ зэрыхуэбгъэувынр? Дэфтэрхэм ириплъэму, зы ставкэм хуэзэ педагогикэ лэжьыгъэм и мардэр сыхьэт 18-щ е дерс 18-щ. Сыт а дерс 18-м къызэщІиубыдэр икІи дауэ ар къызэрубжьыну? КъызэралытэмкІэ, дерсхэри абыхэм я зэхуаку дзлъ зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэри егъэджакіуэм и лэжьыгъэ зэманым хохьэ. Ауэ егъэджакіуэхэм дерс зэрызэхъыбзэнымрэ щІыщІэнымрэ, дерсхэм зыхуэгъэхьэзырыныр - абыхэм псоми зэман тоІуэдэ икІи сыхьэт бжыгъэхэм хабжэрыкъым. Дэ тедухуэфынукъым дэтхэнэ Іуэху лІэужьыгъуэми сыт хуэдиз зэман егъэджакіуэхэм трагъэкІуэдэн хуейми. Ар зэхищыкІыпхъэщ егъэджакіуэр Іэщ1агъэу къыхэзыс дэтхэнэ зыми. А Іуэхугъуэр псом нэхърэ щынэхъ гугъущ егъэджакіуэмрэ еджапІэм и унафэщ*Іымрэ* я зэхущытыкІэм. Пэжыгъэ кодексым егъэджакіуэ Іэнатіэм теухуауэ зэритымкІэ, тхьэмахуэм хуэзэу егъэджакіуэм сыхьэт 36-рэ къыдэс. А зэман псоми лэжьакіуэр еджапІэм щІэсын хуей? Хьэуэ, хуейкъым.

Ди деж1Э мыхьэнэзыхуэ зиІэщ егъэджакіуэхэми, адэ-анэхэми, адрей зыфІэгъэщІэгъэн псоми УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафІым (№969, №1601) зыщагъэсыгъуэзэныр. Зэман хэха зимыІэ лэжьыгъэр еджапІэмрэ егъэджакіуэмрэ я планым тетщ. Зэгъеублауэ щымыт Іэнатіэ щыІэкъым. Дэтхэнэ егъэджакіуэми и лэжьыгъэм и зэхэтыкІэ хъунур нэхъапІэуэ-кІэ еубзыху икІи ар еджапІэм и планым трегъахуэ, зы махуэкІэкъым икІи тхьэмахуэкІэкъым, атІэ гъэ еджагъуэ псом и кІыхьагъкІэ.

Аращи, лэжьэгъуэ зэманыр махуэ къэс щІэ гуэр къызэрыхьэ егъэджэныгъэм и зэхэтыкІэм теухуауэ убзыхун хуей мэхъу. Нэхъапэм щІэныгъэм и кьигъэхъуапІэу щыІар школ библиотекэзрауэ щытамэ, иджы апхуэдэщ зэпымыууэ лажьэ интернетыр. Абы къыхэкІкІэ, егъэджакіуэм и зэманыр нэхъ хуит хъуащ. КъищынэмыщІауэ, еджакіуэхэм щІэныгъэ зэрызрагъэгъуэт Іэмалхэми зэхуэжащ. Нобэ унагъуэ куэдым кьагъэсэбэп зэпэжьжьэу (дистанционнэу) зэрызрагъаджэ щыкІэр. Абы и фІыгъэкІэ, егъэджакіуэм телъ гуГъуэкьыр нэхъ мащІэ хъуащ.

Сэ сызэрелъытэмкІэ, дерсыр тэмэму бгъэхъэзыру гупым нэгъэсауэ удэлэжьэным сыхьэт 21 - 24-рэ токІуадэ. Егъэджакіуэм и лэжьыгъэр нэсу игъэззащІэнымкІэ сыхьэт 18-р сфІэмащІэщ.

Егъэджакіуэ куэд щІоупщІэ сыхьэт 36-рэ Іэмал имыІэу еджапІэм щагъэкІуэн хуейрэ хуэмейрэ зэхагъэкІынкъ. Абы теухуауэ жысІэнур зыщІ: егъэджакіуэм и лэжьыгъэ зэманыр зэпльытар дерс бжыгъэ иІэращ, адрейр зэпхар школым и планхэрщ. Сыхьэт 36-кІэ зэлымыгъэкІэ еджапІэм фыщІагъэсыну хуиткъым. Дерсхэм зыхуагъахьэзырыни адэ-анэхэм зыхуагъэзэнри школ пщІантІэм дэмыту егъэджакіуэхэм зэфІагъэкІ хъунущ.

## ЩІэныгъэІым и псалъэ

- Иджырей зэманым егъэджакіуэм хуагъэуфэ мардэхэм хэхъуэ зэпытщ икІи абы къыхэкІыу нэхъыбэрэ лэжьэн хуейр мэхъу, - жеІэ Мэзкуу къалэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакіуэхэм я профсоюзым и унафэщІ Ивановэ Маринэ. - Псалъэм папщІэ, еджакіуэхэм я лэжьыгъэхэр къэпщытэным тхьэмахуэм ику ину сыхьэти 8 къыщІэкІынущ. Сыхьэт 36-кІэ зэлымыгъэкІэ еджапІэм фыщІагъэсыну хуиткъым. Дерсхэм зыхуагъахьэзырыни адэ-анэхэм зыхуагъэзэнри школ пщІантІэм дэмыту егъэджакіуэхэм зэфІагъэкІ хъунущ.

- ЩІэныгъэІыпІэ Іуэхугъуэ ящ1э текІуадэу. Нобэ дэтхэнэ егъэджакіуэми илъэс къэкІуэнум зэрыгурыІэджэну планыр ипэкІэ игъэхьэзырын хуейщ. Апхуэдэ лэжьыгъэр напэкІыуэ1 600-м щынэблагъэ къохъу. Фи нэгу къыщІэзгъэхъэт абы сыт хуэдиз зэман лей ихьми. ИкІи и нэхъыбэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр мыхьэнэ зимыІэщ. А псалъэмакъыр иужьрей зэманым куэдрэ кьаІэтащ икІи УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэми абы гу лъедгъэтащ. Мыхьэнэ зимыІэ тхьылъымпІэ лэжьыгъэ лейхэр Іуэхум хагъэкІыным теухуа зэхъуэжьныныгъэр иджы къыхалъхьащ.

Псом ящхьэраци, егъэджакіуэр щхьэхуиту щытыпхъащ, сабийхэм нэгъэсауэ щІэныгъэр ябгъэдилъхьэн, езыми зыужьынныгъэ игъэтын папщІэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ дыхуейуэ щытмэ, егъэджакіуэхэр хэдгъэзыхь хъунукъым Іэмал имыІэу сыхьэт 36-р еджапІэм щагъэкІуэну. Ауэ зыгуэр а мардэм нэхърэ нэхъыбэкІэ лажьэ хъуэмэ, абы улахуэр нэхъыбэу етыпхъэщ.

**СИНИЦЫНЭ Василисэ.**
*«Аргументы и факты»*

# Къалэнхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

● Зэхыхьэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ВетеринариемкІэ и управленэм деж щыІэ Жылагъуэ советымрэ а Іуэхущ*Іапі*эм и лэжьакіуэхэмрэ я зэІущІэ иджыблагъэ зэхэтащ. Абы щызэпкърахащ республикэм и эпизоотикэ щытыкІэр зыхуэдэр.**

ІэнатІэм Іуэхугъуэ пыухыкІахэр иригъэкІуэкІащ:

1. Уэыфэр къыщагъуэта эпизоотикэ щІыпІэм и зуреягъэм километритухкІэ къыдекІуэкІ, гъунапкъэхэм хуэкІуэ гъэгурэгъэм щыкІэлъыплъ, къыщапщытэ-щыэзблагъэкІ пунктхэр, ветеринар-полицэ постхэр, дезинфекцэ зэращІ Іэмэпсымэхэр, пхъэрыгъажэхэр (щапгаубумхэр) щагъэуващ, дзыздыхь гъэгурэр яваш. ВетеринариемкІэ управленэм и Іэщ1агъэлІхэр, «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» ГКУ-м и дохутырхэр, ГИБДД-м и лэжьакіуэхэр ветеринар-полицэ постхэм зэпымыууэ щоплъыр, транспорт блэкІэр дезинфекцэ ящІ;

2. Кхъуэхэр, кхъуэлым къыхэщІыкІа ерыскъыхэкІхэр республикэм и щІыналъэм хуимыту къэзышэхэр къэхутэным, апхуэдэ къэмыгъэхъуным теухуа къэпщытэнныгъэхэр хэлъхьэ. Апхуэдэ ветеринариемкІэ и департаментымрэ я чэнджэщкІэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ къаухуэкІуэ фэрэкІ узым зэребэн хущытыкъэ Іэщ1ыщхуэхэм халъхьэ. Апхуэдэ вакцинэу мин 800 кьэдгъэсэбэпащ. Мы гъэм кьэрубыдэу Іэщ1ышхуэу 191603-м ахэр ирахьэлІащ.

- Узым и нэщэнхэр и чэзум къахутэн мурадкІэ, ди Іэщ1агъэлІхэр бы1ымы1ы я щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъыплъащ, лъыиф вирусхэхь гъудэ-бадзэмрэ мэлхъэпІат1эхэмрэ щызэхъумэ репеллентхэмкІэ елэжьащ, Іэщ1рэ Іэщ1эжьІыу республикэм къыщохэр къащащ. ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр къэдгъэсэбэпурэ, цІыхухэм жыджэру дадэлэжьащ, а узыфэм зэрызыщ1ахьмапхъэм, зэрелІэзапхъэм зыубгъуауэ зэрыгъэузащ.

Нодуляр дерматитыр КъулькъужьІ Ищхьэрэм зэрыльэІэсар лабораторэ къэхутэныгъэхэм кьаГъэлъэгуати, абы и къежьапІэхэм гъунапкъэ мардэхэр щыгъэувати, зыхуэфащэ ветеринар-санитар Іуэхугъуэхэр щедгъэкІуэкІащ. Мыгъэрей зэпизоотикэ щытыкІэ тІкІим къаІэн къыщІещІ быдым сымаджэхэр щаукІыну заводхэр духуэн, ягъэІэпэхуэ установкэхэр къэтщэхун хуейуэ. Республикэм и Правительствэм и мурадщ Іэщ сымаджэжэр щаукІыну ягъэІэпэхуэ установкищ къыщэхуну, ахэр щагъэсыну зы хьэку игъэувыну.

Мазипщым къриубыдэу кІэлъыплъыныгъэу 142-рэ едгъэкІуэкІащ, автотранспорт 687-рэ къэтпщытащ, административнэ Іуэхуу 132-рэ зэхэдгъэкІащ, къуанШэхэм сом мин 98,5-кІэ детхэзкъуащ, - кьыхигъэщащ къэпсэпэм.

Апхуэдэу дяпэкІэ нэхъыщхьэу къапэщытхэм къытеувыІащ, я лэжьыгъэр езыгъэфІэкІуэну кьиІытэхкІыпІэхэр игъэнэІуащ. Іуэхугъуэ щхьэпэхэм ящыщу Іэрэмысэм кьигъэпъэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ищІа пщэрылъым тету, республикэм и муниципальнэ щІыналъэ псоми къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэхэр зэрыщагъэувар, ветеринар законодательствэм и пщалъэхэмрэ кьигъэувэхэмрэ зэрагъэзащІэм зэрыкІэлъыплъ щІыкІэр абы щІигъэтхІиену къыщэрилъытэр.

- «Прохладнэ щІыналъэм ветеринариемкІэ и центр» Іуэхущ*Іапі*эм и унафэщ*І* **Къумыкъу Му1эед** зэрыжиІамкІэ, Іэщ1ыщхуэу 11300-рэ, мэлрэ бжэну 7158-рэ, щыуэ 269-рэ районым щыІыгъщ. Мазэ пщыкІэм къриубыдэу диагностикэ, ветеринар-профилактикэ лэжьыгъэщхуэ ирагъэкІуэкІащ. Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм, кьапщтэмэ, ермэлычым, бруцеллёзым, жьэн, емынэ узэхэм, Іуейм, хъэщхьэрыІуэм, фэрэкІым, дзэмыхэм, нэгъуэщІхэми ящ1ыхьымэ хущ1ыхуэхэр быдымым халъхьащ.

Мы илъэсым яхуэзфІэкІахэм щытепсЫхьхьым, абыи, Шэрдж, Бахьсэн районхэм ветеринариемкІэ я центрхэм я унафэщІхэу Уянаев ТІэхьвири КъумыкъуэАслъэн гугъуехьхэр кьэзышэ лъэпощхьэпэхэр зэрыгъэхащ. Абыхэм ящыщщ хущ1ыхуэхэр и чэзум ирикъуу кьаІэзрэхуэмыкІуэр, щІэІэзэну, щылэжьэну щІыпІэхэмкІэ тэмэму зэрызэрыгъэрамыгъэпэщыр, транспорт зэрамыІэр, щыгъын щхьэхуэхэр, Іэмэпсымэхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр кьаІэзремэщІэкІыр.

Абыхэм жаІахэм дыщІагъуэу, я Іуэху епльыкІэхэр кьаІуатэу зэІущІэм кьыІыгъэу УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, КъБКъМУ-м и профессор **Кьагъырмэс Црай**, республикэм ВетеринариемкІэ и управленэм и кьудамэм и унафэщІ **Кьардэн Мухьэмэд**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и проректор **ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд** сымэ.

Зэхьыхьэм щызэгурыІуащ къыхалъхьа Іуэхугъуэхэмрэ чэнджэщхэмрэ зэхуэдэу УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, КъБКъМУ-м и профессор **Молэмурзэ Хьэщ1ауэ** муниципальнэ щІыналъэхэм къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэу щагъэувахэм ехъуэхъуащ икІи кьулькъужьІэхэм пэрыхьэхэм я тхьылъхэр яритыжащ.

**ХЬЭЖЫКІЪАРЭ Алик.**

● Іэпхъуэшапхъуэ

**Европэм и къэралыгъуэ зызыужьахэр игъэгужьеящ КъуэкІыпІэ Гъунэгъурэ Африкэмрэ иІэпхъуКІ щІыхь минищэхэр къаззэрытегуплІам. Хэлущ1ыІу ямыщІщэми, апхуэдэхэр щынэхъыбэжщ нэгъуэщІ щІыпІэхэми.**

САУД ХЬЭРЫПЫМ хамэ къэралІ ІэхуэхэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, я хэкум егъэзыпІэ щрагъэгъуэтащ Сириеи иІэпхъуКІа щІыху мелуани 3-м нэблагъэм. А хьыбарыр хэІущ1ыІу ящІынутэкъым, КъухьэпІэмрэ США-мрэ я хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ политикэмрэ езыхэм Іэпхъуэшапхъэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зыщІагъэкъуэу, муслЫмэн къэралыгъэхэм ахэр кьафІэмыІуэхуу ирамыхьэжьатэмэ.

Езым я диныр зезыхьэу лей зытехьахэр Сауд Хьэрпымым сыт и лъэныкъуэкІи къыщІэзрагъэпэщащ. Ахэр зыщІэсынкІи, я щхьэнкІи, я лэжьыгъэкІи, я сабийхэр щеджэнкІи нэсу зыхуей хуагъаазэ, медицинэ кІэлъыплъныныгъэ дэтхэнэми ират.

Апхуэдэ дыдэ Іэхуэгъуэхэр щалэжь Иорданиеми, Ливанми, Тыркуми, нэгъуэщІ мусЫлымэн къэралыгъуэхэми. Абыхэми зауэ щекІуэкІ щІыпІэхэр зыбгына цІыху минищэхэр зрашэлІащ.



**ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

# Сауд Хьэрыпым зрешалІэ

**Европэм и къэралыгъуэ зызыужьахэр игъэгужьеящ КъуэкІыпІэ Гъунэгъурэ Африкэмрэ иІэпхъуКІ щІыху минищэхэр къаззэрытегуплІам. Хэлущ1ыІу ямыщІщэми, апхуэдэхэр щынэхъыбэжщ нэгъуэщІ щІыпІэхэми.**